Ansanm Ansanm – *All Together*

(Haitian Creole – English Poetic Translation)

Pou lapè, pou lajisitis, anpil nan yo mouri. **Pou kouraj yo, pou vizyon yo,** **Pou tout sa yo te fè, pou tout sa yo sibi,** **N ape chante pou yo. N ap fè lwanj pou yo.** **Ayibobo pou yo!**	*For peace and for justice, many of them died.* *For their courage, for their vision,* *For all they accomplished and for all they endured,* *We sing for them. We sing their praises.* *Hats off to them!*
Ansanm ansanm, nan kè poze, an nou chante pou yo. **Nan linite, san prejije, n ap suiv yo pazapa.** **Ansanm ansanm, men dan la men, an n travay pou lapè.** **Yo fè lavi nou vin pi bèl, an nou onore yo.** **Ayibobo pou yo!**	*All together, with hearts settled, we sing for them.* *In unity, without prejudice, we follow their legacy.* *All together, hand in hand, let's work for peace.* *They made our lives better, let us honor them.* *Hats off to them!*
Nan lanmou, nan lapè, an n fè la vi pi bèl.	*In love and in peace, let's make life more beautiful.*
Nan lonè, nan respè, **Ansanm ansanm, an n travay pou lapè.** **San baryè, san fontyè,** **Ansanm ansanm, an n fè la vi pi bèl.**	*With honor and respect,* *All together, let's work for peace.* *Without gates, without borders,* *All together, let's make life more beautiful.*
Pou ki moun n ape chante?	*Who are we singing for?*
Pou tout moun ki goumen pou lavi nou pi bèl. **Pou tout moun k ap goumen pou lanmou ka blayi,** **Pou drapo libète ka kontinye flote,** **Pou banyè lajistis gaye sou tout latè.** **Se pou yo n ap chante, an n kontinye chante, Ayibobo!**	*For all those who fought to make our lives better.* *For all those who fight so that love can prevail,* *So that the flag of freedom can continue to float,* *So that the banners of justice can spread around the world.* *It's for them that we sing, let's keep on singing. Hats off!*
Se tou pa nou, an n fè lavi nou pi bèl.	*It's our turn, let's make our lives more beautiful.*
Non, non, non! **Pa kite rayisans fè nou pèdi lespwa;** **Avèk pèseverans n a genyen la viktwa.** **Fò nou pa kite rayisans fè nou pèdi lespwa.** **Pazapa, men nan men, pou yon pi bèl demen.**	*No, no, no!* *Do not let hatred steal our hopes;* *With perseverance we will gain victory.* *We must not let hatred steal our hopes.* *Step by step, hand in hand, for a better tomorrow.*
Kijan? Ansanm ansanm! *-Gabriel T. Guillaume* *January 2017*	*How so? All together!*

Program Notes

Depuis quelques temps, notre monde connaît des jours très sombres : cataclysmes naturels, guerres fratricides, injustices sociales. Ensemble rendons hommage à tous ceux et celles qui ont travaillé pour la paix et l'harmonie partout dans le monde. A notre tour, élevons nos voix et chantons ensemble pour que la liberté et la justice soient répandues sur toute la terre.

–Gabriel T. Guillaume

For quite some time, our world has seen very somber days: natural disasters, fraticidal wars, social injustice. All together, let us honor the men and women who have worked for peace and harmony everywhere around the world. It's our turn now to raise our voices and sing together for worldwide liberty and justice.